

**TINTINGAN STRUKTURAL GENETIK
NOVEL *DONYANE WONG CULIKA*
ANGGITANE SUPARTO BARTA**

SEPTIA FITRIYANTI

PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH (JAWA)
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGRI SURABAYA

ABSTRAK

Kasusastran karipta ora adoh saka lelakon ing urip bebrayan. Kedadeyan apa wae kang ana ing bebrayan bisa diwedharake sajroning kasusastran. Saka pengalaman lan pangerten ngenani kedadeyan-kedadeyan kang ana ing bebrayan iku manungsa bisa ngandharake ide-ide kasebut. Saliyane iku kasusastran uga bisa dimangerteni minangka wujud *refleksi* kasunyatan lan kacabenggalaning manungsa ana ing bebrayan. Semono uga novel *Donyane Wong Culika* anggitane Suparto Brata. Novel kasebut nyritakake ngenani saperangan masalah urip bebrayan kang dialami dening paraga-paraga ing jaman komunis lan sawise orde baru. Masalah urip bebrayan kang dialami dening paraga iku amarga pepingine para paraga ngowahi nasibe supaya luwih apik tinimbang sadurunge. Perjuwangan para paraga nggayuh cita-citane iku kang ndadekake para paraga nduweni sipat-sipat culika amarga para paraga nggunakake cara apa wae kanggo nggayuh cita-citane kasebut. Masalah kasebut kang narik kawigaten kanggo nлити novel *Donyane Wong Culika* anggitane Suparto Brata. Novel kasebut arep ditintingi nganggo Struktural Genetik. Tintingan struktural genetik saliyan ngrembug aspek *intrinsik* uga aspek *ekstrinsik*. Mula panliten iki arep dipunjerake marang: (1) isine novel *Donyane Wong Culika* anggitane Suparto Brata, (2) lingkungan sosiale Suparto Brata gegayutan karo novel *Donyane Wong Culika*, (3) pamawasing donya (*pandangan dunia*) ngenani donyane wong culika sajroning novel *Donyane Wong Culika*. Ancasing panliten iki yaiku: (1) ngandharake isine novel *Donyane Wong Culika* anggitane Suparto Brata, (2) ngandharake lingkungan sosiale Suparto Brata gegayutan karo novel *Donyane Wong Culika*, (3) ngandharake pamawasing donya (*pandangan dunia*) ngenani donyane wong culika sajroning novel *Donyane Wong Culika*. Paedah saka panliten iki yaiku bisa menehi sumbang sih kanggo ngrembakake pengetahuan bab kasusastran, bisa nambahi referensi tumrap sapa wae kang maca, lan bisa kanggo pengayaan tumrap panliten sabanjure.

Jinis panliten kang digunakake yaiku panliten kualitatif deskriptif. Metodhe kang digunakake yaiku metodhe kepustakaan lan wawancara. Teknik pengumpulan dhata nggunakake kartu dhata lan cathethan. Teknik analisis dhata kang digunakake yaiku deskriptif analitik. Teori sajroning panliten iki yaiku teori struktural genetik kang disengkuyung dening teori sosiologi sastra lan teori *resepsi pembaca*.

Asiling saka panliten iki yaiku: (1) isi novel donyane wong culika kang nyritakake ngenani perjuwangan para paraga kanggo nggayuh urip supaya luwih mulya kanthi cara maneka warna, ana kang cara becik lan cara ala, nanging ing novel iki cara-cara kang ala sing paling *dominan* digunakake, (2) pengalamane pangripta Suparto Brata wiwit cilik nganti diwasa iku mangaribawani banget tumrap reriptane, (3) pamawasing donya (*pandangan dunia*) pangripta lan masyarakat ngenani donyane wong culika kayata: ngapusi, mitnah, dadi planyahan, tegelan, lan tumbak cucukan nganti saiki isih dianggep sipat-sipat kang kudu didohi utawa ora dilakoni ana ing panguripane manungsa.

Tembung wigati : Tintingan, Struktural Genetik, Novel

PURWAKA

Kasusastran kriptik ora adoh saka lelakone urip bebrayan. Kedadeyan apa wae kang ana ing bebrayan bisa diwedharake sajroning kasusastran. Sastra mujudake ekspresi kang asipat “kamanungsan” lan kebak dening idealisme, cita-cita, sarta sekabehing pepenginan kanggo mujudake panguripan kang luwih becik (Purnomo, 2011: 1). Saka pengalaman lan pangertene ngenani kedadeyan-kedadeyan kang ana ing bebrayan iku manungsa bisa ngandharake ide-ide kasebut. Saliyane iku kasusastran uga bisa dimangerteni minangka wujud *refleksi* kasunyatan lan kacabenggalaning manungsa ana ing bebrayan.

Semono uga ana ing kasusastran Jawa, akeh anggitan-anggitan kang dumadi saka kedadeyan-kedadeyan ing urip bebrayan. Kasusastran Jawa miturut jaman dumadi saka kasusastran Jawa Kuna, kasusastran Jawa Tengahan, lan kasusastran Jawa Anyar. Kabeh kasusastran iku mau uga nggambarake kepriye uripe masyarakat ing jaman kasebut.

Kasusastran Jawa Tengahan tuwuh wiwit jaman Singasari nganti Majapahit ambruk kang ditengeri kanthi tuwuhe pengaruh Islam ing Jawa (Suwarni, 2007: 1). Sawise kasusastran Jawa Kuna tuwuh nganti jaman Majapahit kang wiwitan, banjur tuwuh kasusastran Jawa Tengahan kang ana nganti ambruke jaman Majapahit. Bebarengan karo ambruke Majapahit, Islam mlebu ing tanah Jawa. Saka mlebu agama Islam iku tuwuh kasusastran Jawa Anyar. Kasusastran Jawa Anyar tuwuh nalika anane agama Islam kang mlebu ing tanah Jawa nganti saiki (Suwarni, 2007:1). Kasusastran Jawa Anyar iki dumadi saka kasusastran Jawa Klasik lan kasusastran Jawa Modern.

Sastra Jawa Modern iki ngalami proses kang dawa saka sastra Jawa kang sadurunge nuju sastra modern amarga struktur *karya sastra* kasebut bener-bener beda karo *karya sastra* sadurunge. Sajroning sastra Jawa, istilah modern iki nduweni pangerten menawa pangripta iki anggone ngripta nduweni kesadaran nyerat riptan kang anyar. Miturut Widati (2001: 97-98) kang dadi cikal bakal laire sastra Jawa modern iki yaiku metune *Serat Riyanto* anggitane R. B. Soelardi taun 1920 kang diterbitake dening Balai Pustaka. Ing taun sabanjure metu novel *Mitra Musibat* anggitane R.L Djajengoetara (1921), *Mitra Darma* (Jasawidagda, 1923) banjur *Ngulandara* anggitane Margana Jayaatmaja (1936) nganti *Larasati Modern* anggitane Sri ing taun 1938 minangka novel kang dianggep manjila ing jaman Balai Pustaka.

Widati (2001: 38) ngandharake yen saka wujud riptan-riptan kang *terbit* ing jaman transisi (Modern) bisa dibedakake dadi loro, yaiku gancaran lan guritan. Gancaran utawa prosa iki kedadeyan saka prosa fiksi lan prosa non fiksi. Prosa fiksi uga kaperang maneh ana prosa fiksi lawas lan prosa fiksi anyar. Kang diarani prosa fiksi lawas iki awujud dongeng kang jinise ana sage, legendha, mite, lan fabel. Dene prosa fiksi anyar jinise ana roman, novel, cerbung, lan cerkak.

Minangka kasusastran kang arupa fiksi, novel uga nduweni unsur pambangun yaiku unsur *intrinsik* lan unsur *ekstrinsik*. Unsur *intrinsik* yaiku unsur kang ana sajroning crita, kayata tema, paraga, swasana (panggonan

lan wektu), panyarita (point of view), amanat, alur, lan basa. Dene unsur *ekstrinsik* yaiku unsur-unsur kang ana ing sanjabane kasusastran kasebut, nanging kanthi cara ora langsung menehi pengaruh *sistem organisme* kasusastran (Nurgiantoro, 2007: 23).

Semono uga ing novel *Donyane Wong Culika* anggitane Suparto Brata iki nduweni unsur *intrinsik* lan unsur *ekstrinsik*. Ing novel iki unsur kang narik kawigaten panliti yaiku paragane mligine paraga utama sesambungane karo paraga liyane. Para paraga iku mau anduweni gegayutan padha yaiku pengin ngowahi nasib, saka urip sengsara dadi urip mulya. Carane nggayuh cita-cita beda-beda. Bab iki kang narik kawigaten panliten saengga arep ditindingi kanthi teori struktural genetik, struktural genetik ora mung nggatekake unsur *intrinsike* wae, nanging uga nggatekake unsur *ektrinsike*. Unsur *entrinsike* yaiku ngenani lingkungan sosiale pangripta lan pandangan pangripta ngenani novel *Donyane Wong Culika*, lan pandangan dunia masyarakat ngenani novel *Donyane Wong Culika*.

Novel *Donyane Wong Culika* iki sadurunge wis tau ditliti dening Fajar Handayani. Bedane karo panliten saiki yaiku yen panliten sadurunge ditindingi kanthi teori struktural kang ngandharake ngenani unsur intrinsike sajroning novel *Donyane Wong Culika* kang njlentrehake ngenani kajiwan paraga Pratinah lan paraga-paraga liyane, dene panliten saiki ditindingi kanthi teori struktural genetik kang bakal ngandharake ngenani masalah urip bebrayan para paraga lan digayutake karo unsur ekstrinsike yaiku ngenani lingkungane pangripta lan *pandangan dunia*.

TATACARANE PANLITEN

Jinis panliten kang digunakake sajroning panliten iki yaiku panliten kualitatif dheskriptif. Panliten kualitatif dheskriptif tumrap novel *Donyane Wong Culika* arep dikaji kanthi struktural genetik. Mula saka iku panliten kualitatif dheskriptif iki *dalam rangka* pengkajian struktural genetik panliti mengkaji struktur teks novel *Donyane Wong Culika* banjur nggayutake karo panguripane sosial pangripta Suparto Brata lan latar belakang sejarah kang bisa nuwuhake anane novel *Donyane Wong Culika*.

Metode pustaka iki digunakake kanggo nggoleki dhata lan ngumpulake dhata kang ana sajroning novel *Donyane Wong Culika* sarta buku-buku sumber kang ana gegayutane karo kedadeyan kang ana sajroning novel *Donyane Wong Culika* lan teori kang digunakake kasebut. Instrumen utama ing panliten iki yaiku penliti dhewe lan para masyarakat kaya ta mahasiswa, lsp. Panliti mujudake instrumen kang nyusun ancangan panliten, ngumpulake dhata, nintingi dhata, sarta nyusun laporan asiling panlitene (Moleong, 2010:168). Dene masyarakat utawa mahasiswa lan pangripta minangka narasumber kang bakal bisa menehi wangsulan kang gegayutan karo *pandangan dunia* ngenani donyane wong culika sajroning novel *Donyane wong Culika*.

Tatacara nganalisis dhata kang digunakake ing panliten iki yaiku dheskriptif analitik. Miturut Ratna (2009: 53) ngandharake yen metode dheskriptif analitik iki ditindakake kanthi cara ngandharake kanyatan-kanyatan banjur kasusul kanthi analisis. Cara analisis iki

kalebu axial coding. Analisis dhata ing panliten iki katindakake sawise nindakake cara pangumpuling dhata banjur dianalisis.

Data lan Sumber Data

Dhata ing panliten iki arupa tembung, frasa, lan ukara kang nudhuhake sawenehing bab kang ana gegayutane karo underaning panliten, tujuwan panliten, uga katrangan sejarah uripe pangripta lan saka kanyatan saiki. Dhata arupa tembung, frase, lan ukara mau bisa digoleki sajroning novel *Donyane Wong Culika* anggitane Suparto Brata kang nudhuhake anane bab paraga lan masalah urip bebrayan kang diadhepi dening paraga sajroning novel *Donyane Wong Culika* kanthi nggunakake tintingan struktural genetik.

Sumber dhata ing panliten iki yaiku sawijining crita novel, kanthi irah-irahan *Donyane Wong Culika* anggitane Suparto Brata. Novel *Donyane Wong Culika* karipta ing taun 1979 lan wis diketik komputer kanthi rapi ing taun 2000, sabanjure novel kacetak maneh amarga anane Kongres Basa Jawa ka-V ing taun 2011, kasususun saka 840 kaca ananging wiwitan critane ing kaca 7 lan pungkasan critane ana ing kaca 837, banjur kaca liyane kanggo ngisi riwayat kang nulis. Samak novel iki ana gambare wanodya lan wong lanang kang lagi dansa. Sisih ndhuwur gambar ana seratan *Donyane Wong Culika* kang dadi irah-irahan novel. Sisih ngisor ana seratan *Romane Suparto Brata* kang nuduhake novel iku anggitane Suparto Brata. Novel *Donyane Wong Culika* iki dumadi saka 840 kaca kasebut ana 3 subbab, subbab kapisan kanthi irah-irahan Kasminta. Subbab kasebut diwiwiti saka kaca 7-177 kang nyaritakake ngenani panguripane Kasminta lan masalah urip bebrayane. Subbab kapindho kanthi irah-irahan Tukinem kang diwiwiti saka kaca 178-837 kang isine nyaritakake ngenani panguripane Tukinem lan masalah urip bebrayane. Subbab kang pungkasan kanthi irah-irahan Pratinah iki nyaritakake ngenani panguripane Pratinah lan masalah urip bebrayane. Kaca kang pungkasan 838-840 isine biodhata pangripta.

ANDHARAN

Asiling analisis data kang ditindakake dilaporake kanthi diperang dadi telu, yaiku (1) tintingan isine novel *Donyane Wong Culika* anggitane Suparto Brata, (2) tintingan lingkungan sosiale Suparto Brata gegayutan karo novel *Donyane Wong Culika*, lan (3) tintingan *pandangan duniya* ngenani donyane wong culika sajroning novel *Donyane Wong Culika*.

A. Isine Novel *Donyane Wong Culika* Anggitane Suparto Brata

Kanggo ngampangake magerteni isine novel *Donyane Wong Culika* luwih dhisik dianalisis strukture. Analisis struktur kang arep kaandharake iki diwatesi ana ing tema, paraga/pamaragan, setting, lan alur. Saka analisis patang unsur iku wis bisa nemokake isine novel *Donyane Wong Culika*.

a. Tema

Aminuddin (2011:91) ngandharake yen tema mujudake ide kang dadi lelandhesane carita saengga uga dhapuk minangka pangkal tolak pangripta sajroning ngandharake karya fiksi kang diasilake. Nurgiyantoro (2007: 82-83) ngandharake yen tema kaperang dadi loro, yaiku tema mayor lan tema minor. Tema mayor yaiku

tema pokok sajroning crita kang dadi dhasar utawa gagasan dhasar umum riptan kasebut. Tema minor yaiku tema kang mung ana ing bageyan-bageyan tartamtu sajroning crita kasebut.

1) Tema Mayor

Tema mayor sajroning novel *Donyane Wong Culika* iki yaiku perjuwangan. Perjuwangan kanggo ngowahi panguripane paraga saka panguripan kang sarwa kekurangan dadi supaya panguripan luwih becik. Para paraga anggone ngowahi urip tumuju kang luwih becik mau nggunakake cara becik lan cara ala.

Kasminta merjuwanganke urip supaya bisa urip kepenak ora urip kacingkrangan maneh.

“.....*Bareng wis rada agal, ngancik diwasa, dheweke biyen banjur brontak. Mberot lan oncat saka pangrengkuhe Keluwarga Sali. Mlayu golek hawa kamardikan ing saparan-paran ing kutha. Yen dudu polahe dhewe, kapan nasibe bisa owah! Kasminta metu saka desa kono marga mburu kamardikan, kasenangan, ngoncadi kemlaratan, kemlaratan pepesthen, kemlaratan tradhisi. Dhek semana sing dipikir mung yen dheweke ora oncat saka desa ya ateges ora oncat saka madyaning kecingkrangan! Ulegan kemlaratan. Bakal salawase urip tetep ing desa, tetep mlarat, ngukuhi tradhisi malarat! Emoh!*

(DWC, 2011: 15)

Kasminta nalika wis rumangsa gedhe dheweke mberot metu saka kaluwargane Sali. Dheweke kepengin metu saka kono amarga kepengin golek hawa kamardikan. Kasminta ora gelem urip mlarat lan sengsara maneh. Pikire Kasminta yen dheweke ora metu saka desa kono, dheweke ora bakal bisa seneng amarga urip mlarat terus. Yen nalika ketemu Pak Jodi lan Pak Jodi takon-takon ngenani Pratinah, nanging Kasminta ngapusi Pak Jodi ngenani Pratinah.

Kasminta arep mitenah Sukardi yen Sukardi ngetengi Den Mintarti, nanging Kasminta pinter olehe nyebarake kabare anggone mitena Sukardi iku kaya-kaya ora saka dheweke langsung. Sasaran kang sepisanan liwat omong-omongane kusir dokar kang nalika dheweke liwat omah cekli lan ana sepedhahe Sukardi, Kasminta ngomong kang tujuwane supaya kusir dokar kasebut nduweni pikiran ala marang Sukardi, lan pungkasane kusir kasebut kena jebakan rancangane Kasminta, nanging Pratinah malah seneng marang kabar kang digawa Kasminta kasebut.

Yen perjuwangane Tukinem yaiku supaya bisa nerusake sekolah lan dhewe tetep bisa rabi karo Pak Guru Sukardi lan ngupaya supaya bale wismane karo Guru Kardi tetep utuh.

Tukinem nalika metu saka sekolah rakyat arep dirabekake wongtuwane mula ora oleh nutugake sekolah maneh, nanging Tukinem ora gelem. Tukinem tetep ngotot kepengin nerusake sekolah nganti diwerangi padu karo Bapake lan nulak lamarane wong lanang barang. Tukinem tetep mberot kepengin sekolah lan lunga Saka Margosari supaya bisa nerusake sekolah. Salawase omah-omah karo Sukardi, Tukinem ora ndang diwenahi keturunan, kamangka cara apa wae wis dilakoni dening Tukinem lan Sukardi, nanging cara lan usahane kasebut ora kasil.

Usahane Tukinem supaya nduweni keturunan gedhe banget. Cara apa wae wis dilakoni, saka nekani dhukun, priksa dokter nganthi ngombe pil kang regane larang lan angel golek-golekane wis dilakoni kabeh, nanging asile uga tetep ora ana. Saliyane iku usahane Tukinem supaya oleh turun yaiku nggathukake bojone karo Pratinah, amarga sajake Pratinah ya dhemen marang bojone.

Pratinah ngusahakake supaya bisa cedhak karo Guru kardi. Pratinah apen-apen nyilihi sepedhah Pak Kardi, nanging dheweke ya ora mlaku bareng karo kanca-kanca supaya digonceng Pak Kardi. Bab kaya mangkono iku mau dilakoni Pratinah nalika dheweke isih cilik, isih dadi muride Pak Guru Kardi lan nalika dheweke wis diwasa, mulih saka kutha Jakarta Pratinah pranyata isih dhemen marang tilas Gurune kasebut.

Pratinah wis nduwe tekat kanggo bisa mulyakake uripe wis nemokake carane saka nalika dheweke dikon ngancani Pak Son dening Santinet, Pratinah nduweni gagasan yen dheweke ora oleh nglokro amarga prekara kaya mangkono. Dheweke kudu bisa kuwat kaya wong lanang. Yen wis kena ya duku sateruse kena. Banjur saka iku dheweke wis tekan bakal dadi palanyahan sawise dicritani donyane palanyahan dening Santinet. Pratinah wis tekat bakal ana ing donyane palanyahan tanpa anane germa, cukup Santinet wae kang dadi calone

Andharan ing ndhuwur kasebut bisa didudut yen tema kang ana ing novel *Donyane Wong Culika* iki yaiku perjuwangan. Perjuwangan kanggo ngowahi panguripane saka panguripan kang sarwa kekurangan dadi supaya panguripan luwih becik. Para paraga anggone ngowahi urip tumuju kang luwih becik mau nggunakake cara becik lan cara ala. Sawise diteliti kanthi permati kanyata cara-cara ala kang luwih akeh digunakake.

2) Tema Minor

Tema minor sajroning novel *Donyane Wong Culika* iki yaiku tema katresnan, tema tumindak sedheng, tema tegelan, lan tema pornografi. Tema-tema minor kasebut kang nyengkuyung anane tema mayor sajroning novel *Donyane Wong Culika*. Andharane kaya ing ngisor iki:

a) Katresnan

Tema katresnan ing novel *Donyane Wong Culika* bisa dideleng saka cuplikan ing ngisor iki:

Ing ara-ara sekolahan Tukinem ketemu bocah SGA sing uga jago olahraga, yakuwi Sukardi. Wong loro banjur kulina ketemu ing tanah lapang. Apa maneh gedhong sekolahe lan gedhong asramane cedhak. Ketemune disambung maneh ing asrama. Sabanjure nalika padha lulus, ikatan dinase ditambah karo ikatan keluarga. Marga Tukinem klebu bintang sekolah, nalika dibenun dadi gurudheweke wenang milih enggon. Milih bali menyang kandhange dhewe.

(DWC, 2011: 311)

Andharan ing ndhuwur iku nuduhake yen Sukardi lan Tukinem nduweni sesambungan katresnan nalika kalorone padha-padha sekolah ing Semarang.

Ketemune nalika kalorone lomba ing ara-ara sekolahan.

Saliyane bab katresnanane Tukinem lan Sukardi, ing noel Donyane wong culika uga nyaritakake ngenani katresnan antarane Pratinah lan Dhokter Steffy. Pratinah lan dhokter Steffy Tjia nduweni sesambungan katresnan nalika dhokter Steffy ditulungi dening Pratinah. Sambi nambani tatune dhokter kalorone omong-omongan. Banjur kalorone cocog lan tuwuh rasa tresna, nganti kelakon Pratinah dadi bojo simpenane dhokter Steffy.

b) Tumindak Sedhaeng

Tema tumindak sedheng bakal kaandharake ing ngisor iki:

Dheweke kang ngatur dina-dina kapan mulih lan nginep ing Taman Surapati ngandhang Pratinah, saliyan mulih ing omah keluargane ing Kebayoran Baru. Omah ing Taman Surapati kuwi dadi omah sesindheman, papan petarangane langen kasmaran antarane Steffy Tjia karo Pratinah. Blabag tulisan dhokter praktek sing biyen diwaca Pratinah nalika sepisanan arep mlebu omah kono, dilangi. Omah paviliyun sing wis dipisah karo omah indhunge, wis madheng pekarangan ijen ing dhaerah loji-loji sing prenahe kiwa kuwi, wis dudu omah kanggo praktek dhokter maneh.

(DWC, 2011: 630-631)

Cuplikan ing ndhuwur iku bisa dingerteni yen ing Jakarta saliyan Pratinah dadi bojo sipenane Dhokter Steffy. Tumindake iku pungkasan uga konangan kaluwargane dhokter Steffy lan Pratinah metu saka omahe dhokter Steffy.

c) Tegelan

Tegelan minangka tumindak kriminal. Ora ana siji-siji alesan kang mbenerake tumindak kasebut. Kaya ing novel *Donyane Wong Culika* iki nduweni tema minor tegelan. Tema tegelan sajroning novel *Donyane Wong Culika* bisa kadeleng cuplikan ing ngisor iki:

Sukardi kawiyak wadine. Diece, digeguyu, Huisin! Biyen Tukinem ora nggeguyu. Ora ngece. Sabar, mung angluh. Pratinah iki kok ora ngono! Ngisin-isinake! Sukardi ngamuk. Mata gelap. Atine buteng, mangkel. Jengkel. Wirang. Isin. Tumplek blek munggah menyang uteg. Terus mrina! Gemes! Gregeten! driji-driji tangane nyengerem gulune wong wadon sing ana ing ngisore! Sing ditindhihi! Ditekak! Isih cekikikan, diplenet, supaya suwara ngece kuwi ora keprungu maneh. Isih kober watuk. Isih kruget-kruget, isih bisa mancak, terus diplenet. Sepira bangane cah wadon mlenyis kaya Pratinah mangsa menang karo driji-driji tangane Sukardi lanang sing pawakane gedhe dhuwur otote methelke? Isih sentik-sentik, isih arep mlenggeh, isih arep ngece, isih kejel-kejel, terus wae gulu gilig ing gegeman kuwi disereti! Disereti ret-ret-ret! Ret, nganti ora obah maneh. Ora sentik-sentik maneh. Ora bakal bisa nyekakak maneh! Ora bakal mbukak wadine Sukardi marang wong liya. Ora bakal. Kudu meneng. Kudu mingkem.

Kudu ora ngguyu maneh. Ya, disereti ret-ret-ret, ngono nganti mati!

(DWC, 2011: 832-833)

Cuplikan ing ndhuwur iku bisa dingerteni yen Pratinah mati ditekak dening Sukardi nalika arep saresmi. Pratinah meruhi yen gamane sukardi pranyata ora urip, banjur ngguyu lakak-lakak ora mandeg-mandeg. Sukardi isin, ngakon Pratinah meneng ora ngguyu dheweke maneh, nanging Pratinah tetep wae ngguyu ora mandeg. Banjur diketatk dening Sukardi lan Pratinah katiwasan.

Saliyane Pratinah sing katiwasan, Sukardi lan Den Darmin uga katiwasan. Yen Sukardi ngendhat awake dhewe nalika ing njero kamar omahe dene Den Darmin katiwasan raine godras getih. Wethenge bedhah, ususe ngololer metu. Den Darmin katiwasan nalika ana ing sawah Si Junjung. saka katrangane warga, Den Darmin katiwasan merga dikroyok wong BTI.

d) Pornografi

Tema pornografi ing novel Donyane Wong Culika bisa kadeleng cuplikan ing ngisor iki:

Pratinah mula kumowani nyopot roke kang teles kebes. sing teles kebes dicopot kabeh. sepedhah dijagrag, sandhangan teles-teles dijeregi ing stang. wong loro padha lungguh golek eyuban ing ayang-ayange rok. sukardi ora bisa menging, apa saparipolahe Pratinah dituruti. rampung nyampirake sandhangan kang teles, bocah wadon kuwi nggeret Sukardi dikon lungguhan ing eyuban ayang-ayange rok, ing jejere. ya gelem... Isin banget ngonangi Pratinah ngguyu njegigik, awake kang nglegena gesrekan karo awake Sukardi. Sukardi guru, rumangsa dosa, ngonangi barang-barange Pratinah, kagrayang lan ngegla kemata. Dosa banget! sukardi klincutan, nyluring keweden, isin banget, nganti raine pucet. huisin banget kae! huisin marga ngonangi kasat mata lan dipeksa ngopeni barang wadine prawan kencur. diopeni ora disinghiri....

Dheweke kuwi guru, ora pakra tumindak kaya ngono kuwi! gek Pratinah kuwi isih cilik banget, durung cukup umur. kenapa Sukardi wani nggrayang susune? guru kok blakrak! Sukardi jenggirintan gigu saben eling kedadeyan kuwi.

(DWC, 2011: 424-426)

Andharan ing ndhuwur iku nuduhake yen Pratinah muda ing pantai nalika karo Sukardi. Sukardi ngonangi barange Pratinah lan kober nggranyangi susune Pratinah.

b. Paraga/Pamaragan

Aminuddin (2011: 79) ngandharake yen paraga yaiku pelaku kang ngemban lelakon sajroning karya fiksi sahingga lelakon iku bisa ndadekake sawijining crita. Saka andharan sadurunge ngenani tema perjuwangan bisa dingerteni ngenani yen kang ana ing novel *Donyane Wong Culika* iki paragane akeh kang nduweni sipat ala.

Kasminta iki wateke srakah. Kasminta nglakoni cara apa wae kaya mitnah Sukardi, ngapusi Jodi, seneng pamer, lan pengin ngrusak balewismane

Sukardi lan Tukinem kanggo mikolehi kasenengane yaiku ngolehake Pratinah.

Tukinem iki wateke srakah. Ambisi supaya rabi karo Sukardi, ambisi nduweni keturunan, wong wadon sing kendhel, lan ora gampang putus asa, cerdik, nanging sipat-sipat sing diduweni Tukinem iku luwih akeh sipat kang ala tinimbang sipat kang becik.

Pratinah sipate Pratinah iku uga srakah. Ambisi ngolehake Sukardi, ambisi antuk urip kepenak, ngenyekan. Apa wae dilakoni kanggo ngrubah nasib kasebut.

Sukardi nduweni sipat ora pendhendhan lan weden. Den Darmin iku wong ora gampang putus asa, lan gelem sinau. Dene Susmanta iku wong seneng pamer pinter ngrayu. Saliyane iku dheweke uga srakah, ambisi ngolehake Mintarti.

Andharan pamaragan-pamaragan ing nduwur iku, bisa dingerteni yen paraga ing novel *Donyane Wong Culika* iku anggane kepengin merjuwangake nasib saka urip sing sengsara tumuju urip kepenak, para paraga nggunakake cara-cara becik lan cara ala. Cara-cara kang kaya mangkono iku kagambarake ing para paraga ing novel *Donyane Wong Culika*. Paraga kang nggambarake cara-cara becik kaya ta Tukinem kang ngowahi nasib kanthi cara sekolah. Yen paraga kang nggambarake cara-cara kang ala kaya ta Pratinah kang kepengin urip luwih kepenak kanthi cara dadi playahan, Kasminta kanthi cara mitnah lan ngapusi. Sawise diteliti kanthi permati ing novel *Donyane Wong Culika* anggitane Suparto Brata iku para paragane akeh kang nggunakake cara ala kanggo ngowahi nasib supaya luwih becik kasebut. Cara-cara ala kang ana iku kagambarake ana ing wateke para paraga, antarane nduwe watek tegelan, mlenceng saka aturan, tumbak cucuk, mitnah, ngapusi, ngenyek, lan seneng pamer.

c. Setting

Aminuddin (2011: 67) ngandharake setting yaiku latare kedadeyan sajroning karya fiksi, bisa arupa panggonan, wektu, utawa kedadeyan, sarta nduweni fungsi fisik lan psikologis. Saka tema lan pamaragan ing nduwur iku bisa dingerteni yen setting utawa latar ing novel *Donyane Wong Culika* iki kaya mangkene. Saka tema lan setting ing nduwur kang wis kaandharake bisa dingerteni yen setting novel *Donyane Wong Culika* iku nggambarake kedadeyan kang dialami dening para paraga ana panggonan lan wektu sing dialami para paraga.

Setting-setting iku nggambarake sipat-sipate paraga, negesaken tema perjuwangan paragane. Kaya ing Ngombol lan Purwodadi, amarga kahanan desane kang adoh kutha lan ora bisa njanjekake urip kepenak ing kono mula akeh wong padha lunga menyang kutha kanggo nggolek panguripan kang luwih kepenak. Ing Omah Cekli kang nggambarake setting wayah awan, setting panggonan ing Omah Cekli, lan setting kedadeyan nalika Pratinah nggodha Sukardi lan ngenyek Sukardi kang ndadekake Sukardi mateni Pratinah. Setting panggonan ing Jakarta kang ngandharake nalika Pratinah nggolek kasenengane kanthi cara ala yaiku dadi planyahan, lan setting omahe Tukinem uga diandharake setting kedadeyan nalika Kasminta

ditangkep dening tentara lan Sukardi kendhat ing kamare.

d. Alur

Aminuddin (2011: 83) ngandharake yen alur sajroning karya fiksi iku mujudake rerencaning crita kang kasusun dening tahapan-tahapan kedadeyan saengga ndadekake sawijining crita kang diwujudake dening para pelaku sajroning crita. Adhedhasar Tema, Pamaragan, lan setting ing ndhuwur mau bisa dijlentrehake alur novel *Donyane Wong Culika* iku nggambarake perjuangane para paraga kanggo nggawahi nasib supaya uripe luwih kepenak kang dilakoni kanthi ala lan becik. Cara ala lan becik iku kang bisa nuduhake kepriye watek kang dinduweni dening para paraga kanggo ngowani nasib kasebut. Amarga perjuangan lan peplinginan iku mula mangaribawani sipat kang diduweni para paraga. Sipat paraga kang onja yaiku serakah, ora narima ing pandum. Tukinem sing wis klakon dadi guru lan nduwe bojo guru Sukardi isih kurang marem amarga ora isa nduwe anak. Saengga nduwe pokal nyorokake bojone marang paraga Pratinah kang njalari patine Sukardi (bojone) kanthi nistha utawa ngendhat.

Pratinah kang wis kecukupan bandha lan keturutan kasengengane isih kurang trima, isih kepingin nduweni guru Sukardi kang wis nduwe bojo. Pratinah pengin nduweni Sukardi kang biyen nalika SMP tau diangen-angen dadi bojone. Kanyata pepinnginan iku njalari patine Pratinah kanthi nistha ing Omah Cekli. dadi ing kene setting banget mangaribawani tumrap perjuangane para paraga kanggo nggayuh peplinginane kasebut.

Jlentrehan unsur pambangune novel kasebut nuduhake yen isine novel *Donyane Wong Culika* iki ngenani perjuangane wong ing abad 20 kang merjuwangake awake dhewe-dhewe supaya bisa urip kepenak, mulya, tentrem kanti carane dhewe-dhewe. Kaya Kasminta, Kasminta menjuwangane awake supaya bisa uwal saka urip kacingkrangan karo metu saka kaluwargane Sali budhal menyang kutha sanajan ta pungkasan dheweke bali maneh menyang desa kono. Sabaline Kasminta menyang desa, dheweke ketemu karo mantan gurune nalika ing SMP Budi Utama. Kasminta oleh gaweyan ya saka Guru Kardi iku, nanging Kasminta tetep ora seneng marang Guru Kardi lan Tukinem bojone Guru Kardi. Nalika Pratinah kancane sekolah biyen kang uga lunga menyang kutha Jakarta merjuwangake nasib supaya luwih kepenak iku uga mulih, Kasminta dadi srawung raket karo Pratinah, pungkasan Kasminta seneng marang Pratinah, nanging dheweke rumangsa nduweni saingan yaiku Pak Kardi lan Pak Jodi juragan CV. Gandariya. Saka iku Kasminta nglakoni apa wae supaya Pak Kardi lan Pak Jodi adoh saka Pratinah.

Pranyata Pratinah ora kena rencanane Kasminta nalika Kasminta mitnah Pak Kardi supaya Pratinah ora seneng marang Guru Kardi. Pratinah malah seneng krungu kabar kang digawa Kasminta kasebut. Pratinah mikir berarti Pak Kardi bisa uga seneng karo dheweke. Nalika Pratinah nduweni rencana menyang omah Cekli lan arep saresmi karo Pak Kardi, Pratinah mangerteni yen barange Sukardi ora urip. Kahanan kasebut ndadekake Pratinah ngguyu

cekikikan ora mandeg-mandeg. Sukardi rumangsa dinyek dening Pratinah. Pratinah dikon meneng Sukardi, nanging ora bisa meneng. Sukardi gregeten banjur nekak gulune Pratinah nganti wis ora bisa ambegan maneh. Mula yen nduweni kekarepan utawa cita-cita iku yen anggone nggayuh kanthi cara ala ya pungkasan ora bakal mikolehi kang becik nanging malah bubrah ora karuan.

B. Lingkungan Sosiale Suparto Brata Gegayutan Karo Novel *Donyane Wong Culika*

Suparto Brata minangka pribadi ora bisa uwal saka lingkungan sosiale. Lingkungan sosiale Suparto Brata minangka sawijining pangripta utawa sastrawan nduweni gegayutan langsung utawa ora langsung kang mangaribawani tumrap karya sastra kang diserat. Ing novel *Donyane Wong Culika* iki lingkungan sosiale Suparto Brata pranyata mangaribawani banget, marga saka pangalaman gesange wiwit cilik nganti diwasa ing jaman semono, ndadekake Suparto Brata ngripta novel *Donyane Wong Culika* kaya mangkono.

Suparto Brata anggone miwiti nyerat novel *Donyane Wong Culika* iki antarane taun 1958-1959 saka pengalaman gesange Suparto Brata nalika isih cilik nganti diwasa. Gesange Suparto Brata nalika ana ing Kraton mangaribawani tumrap novel *Donyane Wong Culika* iki. Suparto Brata mangerteni kahanan Kraton amarga Suparto Brata nalika cilikane saben arep turu mesti didongengi dening Ibune lan nyaritakake ngenani kahanan Kraton. Saliyane crita saka Ibune, Suparto Brata uga nate manggon ana ing Kraton melu Ibune. Pengalaman kang kaya mangkono iku dilebokake ing novel *Donyane Wong Culika* iki. Kaya cuplikan ing ngisor iki:

Wiwit cilik, isih cilik banget, isih dadi suson, terus dadi kelon, sabanjure terus bisa dadi mlayu lan sekolah, Pratinah tansah diemong kanthi dipituturi, didongengi, diurak-urakake dening Ibune. Sadurunge krungu kabare donya panguripan, Pratinah wis krungu dhidik rengeng-rengeng suwarane Ibune, pawarta sing didongengake Ibune, pitutur kanggo sangune urip bakale.

(DWC, 2011: 450)

Saya gedhe Pratinah saya kepingin miyak donyane Si Ibune kang tansah dadi dedongengan. Pratinah uga banjur titen, yen tingkah polahe Madusari, cara mikire, cara ngendikane, malah uga tata laire awak, ora kaya wong desa sakiwa tengene. Pratinah sangsaya yakin yen masyarakat priyagung kaya sing kerep dadi rerasane Ibune kuwi ana, lan Ibune kuwi tau menang. Ora mung ana dongengan thok. Sanajan Pratinah kalairane ing desa, suwe-suwe ketarik arep nggebyur ing kalangane masyarakat priyagung mau. Digeret lan digiring dening kojah-kojahe Ibune.

(DWC, 2011: 458)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhaken yen lelakone Suparto Brata nalika cilik sing yen arep turu dikeloni dening Ibune mesthi didongengi bab panguripan ing Kraton, diwenehi pitutur-pitutur urip lan dilebokake ana ing crita novel *Donyane Wong Culika* kasebut.

Suparto Brata ora terus-terusan urip ana Kraton, nalika Ibune metu saka Kraton Suparto Brata uga melu Ibune menyang ngendi wae. Bali menyang Surabaya, wektu iku lagi jaman Jepang, Surabaya geger. Suparto Brata, Ibune, lan Kangmase mlayu menyang Probolinggo. Pranyata Kangmase dikirim menyang Negara Walanda dening Ibune lan Ibune bali menyang Kraton. Suparto Brata dhewekan an ing Probolinggo. Nalika ing Probolinggo ana Walanda Suparto Brata mlayu maneh menyang Sragen melu Budhene. Bali menyang Surabaya lan sekolah maneh. Sekolahe nganggo basa Walanda. Nalika sekolah Suparto Brata nyabi kerja kanggo urip bendinane. Suwene suwe marga Suparto Brata ora pati bisa ngomong basa Walanda lan ora nduwe dhuwit kanggo urip, dheweke metu saka sekolahe. Banjur dheweke balik menyang Ibune neng Sala, nanging pranyata Ibune uga ora bisa nyambut gawe, penggaweyane mung mbathik. Banjur Suparto Brata bali maneh menyang Surabaya golek gaweyan. Neng Surabaya Suparto Brata oleh gaweyan neng kantor pos.

Lelakon uripe Suparto Brata kang bola-bali, pindhah-pindhah panggonan iku sing ndadekake Suparto Brata mangerteni akeh panggonan, mula ing novel *Donyane Wong Culika* iku akeh banget setting panggonan kang dicritakake dening Suparto Brata.

Nalika Suparto Brata wis diwasa, dheweke banjur krama antuk Rara Ariyanti kang omahe ing Ngombol, Purworejo. Nalika iku Suparto Brata ora terus-terusan dadi pegawe telegraf, mula sok-sok kerep ing Ngombol. Nalika iku wayah rame-ramene jaman komunis. Kaya kang diandharake dening Suparto Brata minangka pangripta ing cuplikan wawancara ing ngisor iki:

“Cekake dhisik dhewe iku aku kan kawin karo nyonyaku iku wong Ngombol, Ngombol iku Purworejo, lha aku kan uripku ora selalu menjadi pegawai telegraf atau menjadi pegawai kota tegese sok-sok ya kerep nang Ngombol, dadi ngerti wayahe rame-ramene anu ngono aku nak Ngombol”

Pengalamane urip ing Ngombol lan sakupenge iku banjur ing novel *Donyane Wong Culika* iki setting ing Ngombol lan sakupenge anggone ngandharake njlentreh banget. Kaya cuplikan ing ngisor iki:

Sepur ekspres awan Surabaya-Bandung ora mandheg Stasiun Jenar. Satemene rombongan dhalang Pratig luwih seneng mudhun Jenar, cedhak karo omahe dhewe-dhewe. Upama mundhune kebengen lan udan nggrejeh, tetep isih ana dhokar sing gelem ngeterake. Nanging sing diendhegi sepur ekspres mau sing cedhak dhewe karo desane yakuwi Stasiun Kutoarjo. Mudhun kana kuwi yen rada kesoren, wis ora ana dhokar sing gelem ngeterake tekan desa-desa ing Kecamatan Ngombol lan Purwodadi. (DWC, 2011: 485)

Budhale isuuuuk jam papat, kanthi pesen dhokar dhisik marang Kartadinama, Desa Ngombol sing ora patia adoh saka Njasa. Pesen dhokar kaya mangkono kuwi wis lumrah kanggone dhalang Pratig. Apamaneh yen

ditanggap menyang Surabaya. Nganggo dhokar kuwi isuk wis tekan Stasiun Jenar. Numpak sepur truthuk, sepur bakul lan bocah sekolah, ing antarane Kutoarjo-Yogja. Mudhun Stasiun Tugu isih jam pitu., banjur ngoyak sepur Yogja-Jember sing brangkatan sak Yogja watara jam wolu. Mengkono yen tanggapan menyang Surabaya.

(DWC, 2011: 540)

Cuplikan ing ndhuwur iku bisa dingerteni yen Suparto Brata ngerti banget kapan wektune dhokar gelem lan orane ngeterake penumpang. Apal banget menawa arep menyang Surabaya kudu numpak Dhokar isuk-isuk, numpak sepur truthuk, banjur tekan Yogja numpak sepur Yogja-Jember sing budhale watara jam wolu. Suparto Brata bisa njlentrehake kaya mangkono iki marga dheweke kulina nglakoni kang kaya mangkono uga wis ngerti lan apal kahanan Desa Ngombol lan sakupenge iku.

Paraga kang diandharake dening Suparto Brata ing novel *Donyane Wong Culika* iki paraga fiktif. Kaya dene Pratinah, Pratinah nalika cilikane saben arep turu mesthi didongengi dening Ibune, dicritakake ngenani kahanan ing Kraton. Suparto Brata nalika cilikane uga ngalami kaya mangkono iku. Cilike Suparto Brata nalika arep turu kerep didongengi dening Ibune ngenani crita-cita Jawa lan dicritakake ngenani Kraton lan kahanane. Kaya cuplikan wawancara kang diandharake dening Suparto Brata ing ngisor iki:

“Dadi lima iku bayi lair mesti ngono iku. Lha yen kaya aku barang gene iki seneng didongengke ibuku, dikeloni ngono iku karo didongengke Timun Emas, apa apa jaman biyen-biyen bangsa-bangsa Timun Emas, Raden Panji, Kancil barang ngono iku seneng. Meh kabeh takkira seneng ngrungokke.”

Kahanan nalika Dhalang Pratig pesen dhokar isuk-isuk merga arep tanggapan menyang Surabaya iku merga Suparto Brata uga ngalami lelakon kang kaya mangkono. Dadi crita ing novel *Donyane Wong Culika* iku saka pengalamane dhewe kang diweruhi lan dilakoni dheweke. Kajaba iku uga saka ngrungokake critane wong tuwa. Babagan mau kang ndasari Suparto Brata anggone ngripta kasusastran. Saka kanyatan dihayati lan dikritisi, dianalisa banjur ditanggapi dening Suparto Brata lan diandharake lumantar karya sastra kang ditulis.

Paraga novel *Donyane Wong Culika* iki sejatine ana sing kelakon ing kanyatan kang saemper kaya kahanan ing crita. Semono uga jeneng paragane, nanging mung nglebokake jenenge wae ora dicritakake kahanan kang dilakoni dening paraga kasebut ing kanyatan, mung saemper wae. Andharan kasebut bisa disengkuyung cuplikan wawancara kang diandharaken dening pangripta ing ngisor iki:

“Merga aku kawin karo wong Ngombol jaman iku. Bapak iku sajane petani yang kaya. petani sugih dadi sawahe akeh tapi ya ngono iku mau nak kono tak anake tetang dhalang ngono iku. Dadi pegalaman-pengalaman kaya kuwi. Lha nak kono lak ana pengalaman tentang kraton kan? Kraton sala. Lha iku ibuku mbak sing crita.

Dadi kraton sala iku ana ratu sing kaya ngene-kaya ngene iku ibuku sing crita. Lha paraga raden jembawati iku ibuku Mbak. Kaya manik iku pancen jeneng kraton ya kaya ngono iku Mbak."

Cuplikan ing ndhuwur iku bisa dingerteni yen paraga lan critane kang ana ing novel Donyane Wong Culika iku sejatine saemper karo lelakon sing ana ing kanyatan. Kaya lelakon kang saemper karo Bapak pangripta kang petani sugih ing desa Ngombol diandharake lumantar paraga dhalang Pratig kang uga sugih lan hake arek dirampas dening PKI. Ing novel Donyane Wong Culika dhalang Pratig dicritakake minangka dhalang kang sugih kang dipeksa dening Lekra supaya melu mlebu Lekra yen ora gelem sawahe arep dirampas, nanging dhalang Pratig ora gelem dadine dhalang Pratig lambene ditonyo lan saka iku dhalang Pratig wis ora gelem ndhalang maneh.

Ngenani asma Ibune pangripta uga dinggo ing novel Donyane Wong Culika yaiku Raden Jembawati, nanging mung asmane wae, ora crita dicritakake kang satemene Raden Jembawati ing kanyatan iku kaya apa. Ing novel Donyane Wong Culika iku dicritakake yen Raden Jembawani itu minangka turunan saka raja kang ora diakoni, nalika wis prawan Raden Jembawati arep didadekake ratu selir, nanging amarga Ibune Raden Jembawati mangerteni yen Raden Jembawati iku isih nduwe trah Ratu, Raden Jembawati banjur diungsikna dening Ibune menyang Kraton Yogya. Ing Kraton Yogya Raden Jembawati ajar joged lan nembang lan jenenge diganti dadi Srimadu. Nalika didhapuk dadi Srimpi Pareanom dheweke nduwe pacangan yaiku Pak Jodi, nanging Srimadu kena goda Saksana lan nalika lelakon iku konangan Pak Jodi, Srimadu keplayu nubruk ketemu dhalang Pratig lan jenenge ganti Madusari.

Suparto Brata ngandharake gegambarane kahanan ing novel *Donyane Wong Culika* lumantar paraga-paragane kaya dene Kasminta kang cilike dadi PKI lan nalika lulus SMP lunga menyang kutha nggolek kamardikan lan nalika bali menyang desa kanthi niat apik malah dadi culika maneh gara-gara *ambisine* kepengin ngolehake Pratinah kanca sekolahe ing SMP biyen kang bocane ayu. Saliyane iku paraga Tukinem kang nglanangi banget, wis ngolehake guru Kardi nanging ora nduwe turun ndadekake Tukinem njodhokake Sukardi karo Pratinah. Yen paraga Pratinah digambarake bocah kang kemayu lan *ambisi* ngolehake kesenengane atine kanthi cara dadi planyahan, matine uga gara-gara arep nggolek kasenangan atine ngajak Sukardi Saresmi, nanging malah nemoni pati. Sukardi kang dadi Guru, nanging wedi marang bojone, Tukinem. Susmanta digambarake minangka ketua BTI lan kang nggawe matine Den Darmin marga panglamare marang Den Mintarti ditampik dening Den Darmin.

Saka andharan kasebut bisa didudut yen masyarakat ing sakiwa tengene Suparto Brata nalika iku minangka masyarakat komunis. Wong PKI, Lekra lan Gerwani ana sakiwa tengene desa Ngombol kang ndadekake Suparto Brata ngerti lan ngrasakake banget nalika jaman komunis kasebut. Saka iku uga kang ndadekake wong-wong padha dadi wong culika merga

pengin nggolek katentreman lan kesenengane awake dhewe. Pengalaman kasebut ngrasuk neng pikirane lan nduweni andhil gedhe ing reriptane, kaya novel *Donyane Wong Culika*.

C. Pamawasing Donya (*Pandangan Dunia*) Ngenani Donyane Wong Culika Sajroning Novel *Donyane Wong Culika*.

Panliten struktural genetik mujudake panliten kang mawas karya sastra saka rong unsur, yaiku *intrinsik* lan *ekstrinsik*. Panliten diwiwiti saka unsur *intrinsik* minangka dhata dhasare. Saka unsur *intrinsik* kang ana ing struktural genetik kanggo ngandharake masalah urip bebrayan paraga ing novel *Donyane Wong Culika* kasebut. Masalah urip bebrayan paraga kasebut ndadekake anane pandangan dunia pangripta uga kang bisa dideleng saka anggane menehi pamedharan marang masalah urip bebrayan paraga kanggo ngrampungake perkara kang dialami.

Laras karo bab kasebut, sadurunge mangerteni *pandangan dunia* gegayutan karo novel *Donyane Wong Culika* luwih dhisik mangerteni pamawas masyarakat ngenani donyane wong culika.

1. Pamawase Pangripta

Pangripta ngandharake kahanan kang dialami lan diweruhi ngenani masyarakat Indonesia nalika cilikane pangripta nganti diwasa lan ngandharake masalah urip bebrayan, mligine tumrap warga masyarakat ing Ngombol kang minangka desa asal garwane pangripta. Ing novel *Donyane Wong Culika* nuduhake kahanan nalika lan sawise jaman komunis lumantar paraga Kasminta, Pratinah, Tukinem, Susmanta, Den Darmin, Guru Sukardi, Dhalang Pratig, Madusari, lan Saksana kang nduweni masalah urip bebrayan nalika jaman semono. Saliyane bab komunis, kang wigati diandharake yaiku perjuwangane para paragane kanggo ngolehake utawa ngowahi nasibe supaya luwih becik tinimbang nasibe kepungkur. Masalah urip bebrayan kang diandharake iku marga pangripta kepengin nuduhake yen nalika jaman komunis lan jaman Orde Baru pranyata padha wae, wong-wong padha culikane. Ora ana bedane antrane jaman komunis lan jaman Orde Baru. Sejatine pangripta ora kepengin kaya mangkono, tujuwane pangripta iki supaya masyarakat Indonesia iku ngowahi uripe luwih apik tinimbang nalika jaman komunis kanthi maca lan nulis. kaya cuplikan wawancara ing ngisor iki:

"Saiki *mengarah* mrono Mbak, dadi wong Indonesia iku *tidak mempelajari sejarah*. Yen maca iku maca buku tentang PKI, akeh pokokeya, ning gak diwaca karo wong Indonesia. Dadi *akan mengulangi lagi*. Kaya buruh demonstrasi nganthi arep ngrubuhke gedung Grahdri barang ngono iku jaman taun 1964 ya kaya ngono iku. Kita kembali lagi karena apa? Karena orang Indonesia tidak membaca buku dan tidak mengerti sejarah, tidak mempelajari sejarah. Padahal sejarah itu bukan untuk hari ini. Bukan untuk dahulu tapi untuk hari ini dan untuk masa yang akan datang. Karena kurikulum kita dita menbaca dan tidak menulis buku, orang-orang kita ini menjadi orang primitive. Dadi yen Kowe takon kaya ngono iku *mendekati*, dadi buruh

demo UM harus segini, kalau tidak saya hancurkan. Lha padha. Jaman saiki lan biyen iku padha. Karena apa? Karena mulai taun 1975 orang Indonesia tidak membaca sastra”

Andharan ing ndhuwur iku bisa dingerteni yen pangripta sejatine ora pengin wong Indonesia saiki kaya wong-wong ing jaman PKI biyen. Wong Indonesia padha kaya nalika jaman komunis biyen merga wong Indonesia iku ora gelem maca, apa maneh maca buku sejarah kang nyaritakake ngenani PKI. Yen wong Indonesia gelem maca, maca buku sejarah mesti weruh nalika jaman PKI biyen kaya apa. Mula ora mbaleni maneh kahanan utawa lelakon kang kaya ing jaman PKI kasebut. Dadi wong-wong sing culika jaman biyen iki ya meh padha karo wong-wong jaman saiki. Yen saiki wong-wong padha demo-demo rega, demo undhak-undhakan gaji, lsp, biyen ya kaya mangkono. Wis ora ana bedane, padha wae. Kahanan kang kaya mangkono iku merga wong Indonesia ora gelem maca, ora gelem maca buku sejarah.

Saliyane andharan kang diandharake dening pangripta langsung, ing novele uga diandharake bab kasebut. Cuplikane kaya ing ngisor iki:

“Kok kejem banget ya, Bu, bangsane awake dhewe iki? Apa sebabe?”

“Sebabe ya kaya ngendikane Pak Hatta kae. Bangsa kita ora maca buku. Ora didhidhik maca buku. Maca buku mung dhek ana sekolahan. Bareng metu saka sekolah, embuh wong kuwi dadi tentara, embuh dadi camat, emnuh dadi montir, babarpisan ora maca buku maneh. Ngertine politik, ngertine partai, ngertine tata praja, ora diembati sarana maca buku, nanging mung disirami kanthi pengalaman weruh lan krungu. Padha wae karo bangsa kita wuta sastra. Kamangka peradaban donya iki diwiwiti saka kabisane manungsa maca lan nulis. Bangsa kang akeh maca lan akeh nulis, yakuwi bangsa sing peradhabane paling maju jaman saiki. Dene bangsane awake dhewe iki peradhabane mung dibandhani pengalaman weruh lan krungu, bisane ya mung bengak-bengok karo gontokan kaya sina ana ing Sangubanyu wingi kae! Bisa makmurake apa marang bangsa Indonesia?” (DWC, 2011: 504)

Andharan ing ndhuwur nuduhake yen pangripta sejatine kepengin bangsa Indonesia iku bisa maca lan nulis. Saka maca iku ngerti sejarah, yen ngerti sejarah wis mesthi bakal ngowahi uripe supaya ora kaya jaman biyen sing kejem. Bangsa iki bisa makmur ora kaya dhek jaman penjajahan Jepang lan Walanda. Saliyane iku pangripta uga ngandharake wong culika iki kepriye lumantar para paragane. Meh kabeh paraga kang diandharake ing novel iki kalebu wong culika. Kaya kang diandharake dening Suparto Brata minangka pangripta ing cuplikan wawancara ing ngisor iki:

“Kabeh iku culika. Dadi wong Indonesia iki, donya iki, isa banda, isa Negara iku karepku iki negarane wong culika. Culika kabeh. Mulai Tukinem nganti Pratinah, Kasminta. Trutama Kasminta iki sajane wis ilang dheweke di dhidhik PKI betul-betul, sajane wis teka

Surabaya dicekel luput dicekel luput, sidane mlayu. Nyang Blitar barang iku Kasminta iku dan kemudia isa nyang desa iku merga karepe wis kapok, aku saiki wis arep dadi wong apik, nanging ketekan Pratinah iku dadi kaya ngono meneh, apaneh saurunge wis ora seneng karo gurune, Guru Sukardi iku”.

Andharan ing ndhuwur kasebut nuduhake yen pangripta ngandharake yen sajroning novel *Donyane Wong Culika* paragane meh kabeh culika. Wiwit paraga Tukinem, Pratinah uga Kasminta. Trutama Kasminta kang sejatine wis waleh uri playon terus merga nalika dicekel mesti bisa luput terus. Mula dheweke niat arep bali menyang desa arep mergawe sing tenanan merga karepe wis kapok playon terus-terusan, nanging malah bali dadi wong culika maneh merga tekane Pratinah saka kutha. Baline Kasminta saka kutha menyang desa iku ora ngowahi anggone gethinghe dheweke karo Tukinem lan Sukardi. Apa maneh nalika baline Pratinah kang nalika iku Pratinah cedhak maneh karo Sukardi, malah ndadekake Kasminta luhi gething maneh marang Sukardi lan Tukinem. Paraga-paraga kang meh kabeh padha-padha culikane, mula novele uga diwenehi irah-irahan *Donyane Wong Culika*.

Pangripta sejatine kepengin wong Indonesia iku gelem maca buku. Sokur-sokur buku sejarah. Merga yen wong iku gelem maca buku sejarah mesti mangerteni sejarah. Dadi supaya mangerteni yen jaman biyen aiku kaya apa lan supaya ora mbaleni kahanan kaya kang kelakon ing jaman biyen. Pangripta ngandharake yen maca buku iku penting banget. Maca buku bisa ndadekake wong iku uripe bisa modern. Yen ora maca buku wong-wonge mesti wong-wong kang primitif. Mula yen pengin nggayuh urip kang sampurna iku pangripta nduweni pangajab supaya wong-wong iki niru lan melu UNESCO merga UNESCO iki majibake ngopeni basa kaya basa Jawa kasebut. UNESCO netepake yen tanggal 21 Februari iku dadi hari *Bahasa Ibu Internasional*. Nanging wong Indonesia ora nglakoni lan ngetrepake kaya mangkono iku. Kajaba iku maca lan nulis buku iku kudu ditindakake merga bab-bab iku kang ndadekake uripe manungsa iku bisa sampurna.

2. Pamawasing Masyarakat

Masyarakat umum mujudake masyarakat biyasa kang nduweni pamawas dhewe ngenani donyane wong culika. Babagan iku kaya kang diandharake ing ngisor iki:

Arum (22) minangka masyarakat Trenggalek nduweni pamawas yen wong culika iku wong kang nduweni kelakuwan lan pamawas kang ora salaras karo norma-norma sajroning urip bebrayan kanggo nggayuh apa kang dadi kekarepane. Cuplikan asiling wawancara karo Arum kaya ing ngisor iki.

“Wong culika yaiku wong kang nduweni kelakuwan lan pamawas kang ora selaras karo norma-norma sajroning urip bebrayan kanggo nggayuh apa kang dadi kekarepane. Ya wong-wong sing menyimpang ngono iku lho Mbak”

Pamawas saemper diandharaken dening Agustin (23) kang minangka wakil masyarakat Mojokerto. Donyane wong culika yaiku wong kang nduweni

kapribaden abnormal kang nyimpang saka normal an nilai kang ana. Cuplikan wawancara kang diandharake dening Agustin (23) kaya ing ngisor iki:

“Wong kang nduweni kapribaden abnormal kang disebabake dening sawenehing factor. Merga nyimpang lan ora salaras karo normal lan nilai kang ana.”

Cuplikan wawancara ing ndhuwur iku nuduhake yen pamawase Arum (22) lan Agustin (23) ngenani wong culika iku meh padha. Padha-padha ngandharake yen wong culika iku wong kang ora salaras karo norma-norma kang ana sajroning masyarakat.

Pamawas ngenani donyane wong culika uga diandharake dening Pak Sami'un (75) minangka wong tani nduweni pamawas yen wong culika iku wong kang nduweni sipat-sipat kang kejem lan sipat-sipat kang ala. babagan iku diandharake nalika wawancara kang bisa dideleng saka cuplikan ing ngisor iki.

“Wong culika iku ya wong sing sipate ala, wong kang kejem ngono iku. Wong kang senengane nggawe ontran-ontran kaya ngono iku. Kaya nalika jaman PKI biyen lak akeh wong kang dipateni saenake dhewe.. Mula jaman biyen iku akeh mayit-mayit pating kleler ing dalan-dalan lan uga ana sing dikentirna kali barang. Yen jaman saiki wong culika iku ya padha wae lik miturutku. Wong saiki ya akeh kasus-kasus pembunuhan sing tega mateni anake dhewe, mateni mbahe dhewe kaya ngono iku kan ya termasuk wong-wong sing culika ta. Wong-wong sing korupsi-korupsi iku kan ya termasuk wong culika. Akeh banget ta saiki wong-wong sing korupsi. Yen jaman biyen ana Gerwani sing kejem mbethot barange wong lanang ngono iku jaman saiki ya ana kasus kang kaya mangkono. Sing britane lagek-lagek iki wong endi iku sing wong wadon nugel barange wong lanang iku kan ya meh padha karo jaman biyen ta. Kaya Gerwani iku mau.”

Andharan ing ndhuwur iku nuduhake yen pamawase Sami'un (75) ngenani wong culika iku yaiku wong-wong kang sipate ala, wong kang sipate kejem, wong kang senengane nggawe ontran-ontran. Sami'un (75) uga ngandharake yen saiki wong-wong kang culika iku padha karo wong-wong culika nalika jaman PKI. Wong-wong ya padha-padha kejem. Lelakon nalika ing jaman PKI karo ing jaman saiki iki meh padha. Kaya lelakone Gerwani marang wong lanang, PKI kang mateni wong saenake dhewe tanpa nduweni rasa welas babr pisan. Kejeme ora karuan.

Babagan donyane wong culika kababar dening Suparto Brata lumantar novel *Donyane Wong Culika*. Pamawase masyarakat minangka masyarakat kang maca novel *Donyane Wong Culika* utawa resepsi pamaos ngenani novel *Donyane Wong Culika*. Maneka werna tuladhane kaya ing ngisor iki.

Padriana (23) ngandharake yen wong culika iku wong kang ora bener-bener jahat, ya salumrahe ora jahat-jahat banget ya ora apik-apik banget. Andharan kaya cuplikan asil wawancara ing ngisor iki.

“Gambarane wong culika ing novel iku sajane ora wong kang dalam arti bener-bener jahat

ngono iku ora. Ya wis salumrahe ana ing ngalam donya sabendinane yaw is ngoni kuwi lumrahe. Tapi ora sing terlalu dibuat-buat. Istilahe berlebihan kaya ing sinetron-sinetron kya ngono kuwi ora. Kaya crita-crita fiksi sing jaman saiki-saiki iki kan nalika nyritakake iku terlalu berlebihan. Lha lik iki ki culika tapi culika sing salumrahe kaya ana ing masyarakat. Ora sing terlalu kejam tapi ki ya ora apikan banget. Ya wis salumrahe manungsa. wong culika iku, mungkin wong-wong mikire kumpulane wong-wong sing jahat, tapi kan lik dipikir kabeh manungsa iku nduweni sipat apik lan ala. Lha lik jareku sing diarane donyane wong culika iku ya ora kumpulane wong sing culika, ning ki ya kahanan nalika wong iku jahat iku kang sing diarani donyane wong culika”

Andharan ing ndhuwur nuduhake yen sejatine wong culika iku wong kang sing ora bener-bener jahat uga ora wong kang bener-bener apik. Manungsa kabeh iku mesti nduweni sipat-sipat ala lan sipat-sipat apik. Wong culika iku ora kok manungsa sing jahat. Yen donyane wong culika iku miturute Padriana (23) iku kahanan nalika wong iku jahat.

Beda karo Padriana, Endang (23) ndhuweni pamawas yen wong culika iku wong sing pinter, amerga dadi wong culika iku butuh kapinteran. Asil wawancarane bisa dideleng saka cuplikan ing ngisor iki.

“Menurutku untuk donyane wong culika, nggak semua orang bisa jadi culika tapi semua orang bisa jadi orang baik. Soalnya untuk jadi orang culika sendiri itu butuh kepintaran. Maksudnya nggak mungkin wong kang goblok iku isa mendhesain segitu pintarnya rencana-rencana seperti itu. Dan menurutku untuk masalah culika atau tidaknya iku tergantung opini. Awakmu iku untung opa ora karo tumindake iku. Lik awakmu untung berarti kuwi apik lik awakmu ora untung kuwi berarti elek.”

Andharan ing ndhuwur iku bisa dingerteni yen Endang (23) ngandharake yen wong culika iku wong sing pinter, merga dadi wong culika iku butuh kapinteran. Wong culika yen ora pinter iku mesti ora bakal bisa nggawe rencana semono pintere lan wong diarani culika iku gumantung sapa kang ndeleng. Saka kang ngrasakake lelakon kasebut iku bisa diarani culika apa ora. Tuladhane kaya paraga Pratinah kang nduweni gagasan lan ditindakake kanthi becik, nanging jalaran niate lan tumindake ala mula asile ora bakal becik lan malah dadi bubrah. Pamawas bab donyane wong culika beda maneh karo apa kang diandharake dening Endang (22). Asil wawancarane bisa dideleng saka cuplikan ing ngisor iki.

“Wong culika lik menurutku iku ya wong sing sipate elekan, kaya licik nggunakake cara apa wae kanggo nggayuh angen-angene, lan wong kang seneng tumbak cucukan.”

Endang (22) ngandharake yen wong culika iku wong sing elekan, licik, nggunakake cara apa wae kanggo nggayuh angen-angene, lan wong kang seneng tumbak cucukan.

Pamawas saka pamawas kang maos novel *Donyane Wong Culika* diandharake dening Bapak Sanadi (70). Andharan bab wong culika kaya cuplikan ing ngisor iki.

“Wong culika iku wong politik sing selalu tindak salah iku. Licik lah gampangane wong culika iku. Lha ing crita iki padha karo tak-tike Kasminta iki mau. Ing crita iku uga padha karo nalika jaman PKI nalika G 30 S PKI wis konangan yen jendral-jendral iku dipateni lan ketemu temen lik PKI sing mateni. Pak Karno *memerintahkan supaya orang PKI seakar-akarnya. Seanthekek-antheke supaya istilahe iki dihabiskan*. Sing dimaksud Pak Karno iku maeng *mungkin* ya ora ngono. *Habiskan seakar-akarnya* maksude organisasine PKI kaya BTI, kaya Pemuda Rakyat, kaya Lekra, guru sing fak sentral barang ngono iku dikon ngilangi kabeh. Tapi kliru tampa sing diilangi iku wonge. Nyawane sing diilangi. Terus ana maneh “*Kowe sik enom, dadi pemudha. Kowe gak pemudhane rakyat ta? Masak Kowe emoh dadi pemudhane rakyat*”. Akhire mlebu pemuda rakyat. Ya kaya ngono iku pokal gawene PKI. Sing bageyane Lekra iku ya cabange wong PKI. Ya genjer-genjer iku maeng. *Senjata makan tuan*. Akhire ya pating keleler temen. Lagune kaya ngene “*Njer genjer, ning kedhokan pating keleler. Dijejer-jejer diuntingi, padha didhasar*.” Merga genjer-genjer iki serupa karo janganan iku lho ya bener nik diuntingi ya janganan terus didhasar. Bareng wis anu diprentahne maneh karo Pak Karno dikon mbrantas supaya PKI dibrantas *seakar-akarnya* iku ya merga apa? Perintah rumangsa jendral-jendral pitu maeng rumangsa dipateni iku maeng lho.

Iku ya ngono, sapa iki jenenge Kasminta iku nalika Den Darmin tuku omahe lan dibongkar nemu buku-bukune Kasminta nik Kasminta iku wong PKI, merga buku-bukune iku buku-buku ajaran PKI. Mulane Kasminta iku selalu membuat kisruh, selalu membuat kisruh terus menerus. Sapa wae dibuat kaco. Nggawe ontran-ontran yen sing ngetengi Mintarti iku mau Sukardi. Lha iku lak perbuatan PKI. Kaya uga pratinah termasuk wong nakal. Sapa wae karepe kudu digendhak sing penting ki dheweke uripe ayem terus kepengin sugih. Kaya ta karo Pak Son lan dhokter Steffy mung dinggo senenge dhewe. Kanggo ngolehake kesenengane lan arep ngerete bandhane wong lanang kasebut. Iki takumpamakana kaya apa iku. Gerwani. Gerwani iki selalu ngaya-ngaya kepengin dhuwit ndang sugih ning ana janji-janji saka PKI.”

Andharan ing ndhuwur iku nuduhake yen wong culika iku ya wong sing licik. Sanadi (70) uga ngandharake yen paraga kang digambarake sajroning novel *Donyane Wong Culika* iki padha banget karo kanyatan nalika jaman komunis biyen. Paraga Kasminta senengane nggawe ontran-ontran lan mesti nggawe kisruh. Kasminta nggawe ontran-ontran ing

desane. sadurunge lan sawise teka kutha Kasminta tetep wae nggawe ontran-ontran. apamaneh Kasminta iki ora seneng marang guru Kardi lan Tukinem bojone. Kasminta nggawe ontran-ontran yen Sukardi nggetengi Mintarti kang sejatine dheweke dhewe kang ngetengi Mintarti. Biyen wong PKI ya kaya ngono iku, senengane nggawe kisruh lan ontran-ontran terus-terusan. Gerwani ana sajroning novel *Donyane Wong Culika*. Paraga Pratinah kang digambarake padha karo Gerwani. Gerwani biyen uga kaya Pratinah sing mesti ngaya-ngaya kepengin dhuwit supaya ndang sugih lan nggolek kesenengane dhewe.

Pamawasing masyarakat ngenani wong culika saka andharan-andharan mau bisa diringkes kaya tabel ing ngisor iki

Tabel 4. 1

Pamawase Masyarakat

No	Jeneng	Umur	Profesi	Pamawas
1.	Suparto Brata	81	Pangripta	Kabeh iku culika. Dadi wong Indonesia iki, donya iki, isa banda, isa Negara iku karepku iki negarane wong culika.
2.	Arum	22	Mahasiswi	Culika iku wong kang nduweni kelakuan lan pamawas kang ora salaras karo norma-norma sajroning urip bebrayan kanggo nggayuh apa kang dadi kekarepane.
3.	Agustin	23	Mahasiswi	Wong kang nduweni kapribaden abnormal kang disebabake dening sawenehing factor. Merga nyimpang lan ora salaras karo normal lan

				nilai kang ana.
4.	Sami'un	75	Tani	Wong-wong kang sipate ala, wong kang sipate kejem, wong kang senengane nggawe ontran-ontran
5.	Padriana	23	Mahasiswi	Wong kang sing ora bener-bener jahat uga ora wong kang bener-bener apik.
6.	Endang	23	Mahasiswi	Wong sing pinter, merga dadi wong culika iku butuh kapinteran
7.	Endah	22	Mahasiswi	Wong sing elekan, licik, nggunakake cara apa wae kanggo nggayuh angen-angene, lan wong kang seneng tumbak cucukan
8.	Sanadi	70	Pensiunan	wong sing licik

4.3.3 Pamawasing donya (*Pandangan dunia*)

Pamawasing donya (*Pandangan dunia*) ngenani donyane wong culika sajroning novel *Donyane Wong Culika* yaiku kagambarake lumantar paraga-paraga ing novel *Donyane Wong Culika*. Kabeh paraga kang ana ing novel *Donyane Wong Culika* digambarake minangka wong kang culika. Wong culika ing kene sawise ditliti lan didudut saka andharan informan-informan masyarakat umum yaiku wong-wong kang sipate ala, wong kang anggone nggayuh angen-angene kanthi cara apa wae (*menghalalkan segala cara*). Wong-wong culika kang anggone nggayuh nganggo cara-cara kaya mangkono iku mesti asile ora bakal becik, becik wiwitan nanging wekasane bisa nemahi cilaka ing tembe mburine. Lelakon apa wae yen nganggo cara becik asile uga bakal becik, semono uga yen nganggo cara ala asile mesti uga bakal ala. Kaya bebasa “Ngundhuh Wohing Pakarti”. Wong yen nandur kang ala ngundhuhe mesti

uga alan, nanging yen nandur kabecikan mesti uga ngundhuh kabecikan.

Pamawasing donya ngenani donyane wong culika kaya dene kang kaandharake ing ndhuwur iku uga dumadi sajroning novel *Donyane Wong Culika*. Meh kabeh paraga kang ana ing novel *Donyane Wong Culika* iki kang nduweni sipat culika mesti bakal ngolehake lelakon kang ora becik kaya kang ditindakake. Pratinah pengin ngowahi uripe kanthi cara dadi planyahan lan dadi bojo simpenan wiwitane mulya, nanging mung sedela merga pungkasane lelakone iku kebongkar. Nalika arep ngolehake Sukardi kanthi cara kang ora becik kaya menehi omben-omben marang Den Mintarti kang wis diwenahi obat puyer lan nggoda Sukardi supaya saresmi karo dheweke iku ora ngasilake asil kang becik pranyata malah nemoni yen gamane Sukardi ora urip, Pratinah ngenyek kahanan kasebut kanthi nguyu lakak-lakak ora mandheg-mandheg. dikon Sukardi mandheg tetep ora bisa mandheg ngguyu terus-terusan nganti Sukardi pegel, lara ati, gemes lan pungkasane Pratinah mati ditekak Sukardi merga Sukardi rumangsa dinyek dening Pratinah. Yen Kasminta sanajan wis arep dadi wong becik, nanging nalika ketekan Pratinah malah Kasminta balik dadi wong culika. Saliyane dhata kependhudhukane Kasminta kang palsu, culikane Kasminta, dheweke uga mitnah Sukardi kang ngetengi Den Mintarti kang sejatine dheweke dhewe kang ngetengi Den Mintarti. Pungkasane kaculikane Kasminta kebongkar, Kasminta ditangkep dening tentara.

Tumindake Kasminta kang ala uga salaras karo bebasan “Becik ketitik, ala ketara”. Kasminta ing kene paraga kang nyebabake konflik-konflik kang ana sajroning novel *Donyane Wong Culika* iki. Kasminta paraga kang senengane nggawe ontran-ontran. masalah kang dumadi sajroning novel *Donyane Wong Culika* asale ya saka Kasminta. tuladha masalah kang dumadi yaiku nalika Den Mintarti meteng. sejatine sing ngetengi ya Kasminta dhewe, nanging Sukardi kang dipitnah ngetengi Den Mintarti. pungkasane apa kang dilakoni dening Kasminta konangan lan Kasminta ditankap dening tentara. Tumindake Kasminta kang kaya mangkono iku selaras karo bebasan “Becik ketitik, ala ketara”.

Andharan pamawasing donya ngenani donyane wong culika sajroning novel *Donyane Wong Culika* kabeh iku nuduhake menawa tumindak ala lan becik utawa yen cara kang dinggo nggayuh angen-angen iku cara kang ala utawa cara becik bakal ngasilake asil kang ala lan becik uga. Sanajan kathi cara ala asile becik, nanging asil kasebut ora bakal suwe, pungkasane mesti uga bakal ala. “Ngundhuh Wohing Pakarti” iki bebasan kang trep kanggo andharan kasebut. Wong yen nandur barang kang ala ngundhuhe mesti uga ala, nanging yen nandur kabecikan mesti uga ngundhuh kabecikan.

PANUTUP

Saka tintingan kang diandharake ing ing ndhuwur bisa didudut yen novel *Donyane Wong Culika* anggitane Suparto Brata ngandharake masalah urip bebrayan kang dialami dening paraga-paragane amarga merjuwangake angen-angene supaya bisa urip

luwih kepenak. Paraga-paragane anggone nggayuh angen-angene iku kanthi cara becik lan ala, nanging cara kang luwih akeh digunakake dening paraga iku cara kang ala. Angen-angene iku kang nuwuhake sipat-sipat culika para parage lan kang njalari anane cara ala kasebut. Sipat-sipat culika iku antarane: tegelan, mlenceng saka aturan, tumbak cucuk, mitnah, ngapusi, ngece, lan iri. Sipat-sipat kang kaya mangkono iku ora uwal saka setting kang diandharake. Setting-setting iku nggambarake *ilustrasi* kedadeyan-kedadeyan para paraga nggayuh angen-angene lan nglaksanakake kekarepane, kaya desa kang adoh saka kutha kang ora bisa njanjekake kamulyan mula ndadekake wong-wonge padha lunga menyang kutha nggolek kamulyan.

Suparto Brata minangka pangripta anggone ngripta novel *Donyane Wong Culika* kasebut ora uwal saka gambaran urip bebrayan. Suparto Brata ngripta novel *Donyane Wong Culika* iki merga pengalaman uripe wiwit cilik nganti diwasa. Ngenani pamawasae pangripta dhewe tumrap donyane wong culika ing novel *Donyane Wong Culika* iki ngandharake yen kabeh wong iku culika, wong Indonesia iki, donya iki, isa banda, iya Negara iku miturute pangripta iki negarane wong culika. Apamaneh nalika taun 1958 utawa nalika jaman komunis lan sawise Orde baru wae wong Indonesia isih padha culika. Akeh wong kang mitnah, tumbak cucukan, ngapusi, tegelan, mlenceng saka aturan nganthi korupsi. Mula jaman biyen lan saiki iki padha wae. Negara iki negarane wong culika.

Minurut pamawas bebrayan lan pamaos novel *Donyane Wong Culika* ngenani donyane wong culika iki wong culika iku wong kang nduweni kelakuan lan pamawas kang ora salaras karo norma-norma sajroning urip bebrayan kanggo nggayuh apa kang dadi kekarepane, nanging bab kaya mangkono iku balik maneh marang *opini* masyarakat ngenani tumindak kasebut iku ngrugekake apa malah nguntungake tumrap masyarakat kasebut. Gumantung sapa kang ndeleng.

Saka andharan-andharan kasebut disa dingerteni yen pandangan dunya ngenani donyane wong culika sajroning novel *Donyane Wong Culika* kagambarake wong kang anggone nggayuh angen-angene kanthi cara apa wae (*menghalalkan segala cara*) kaya mangkono iku mesti asile ora bakal becik, becik wiwitan nanging wekasane bisa nemahi cilaka ing tembe mburine. Lelakon apa wae yen nganggo cara becik asile uga bakal becik, semono uga yen nganggo cara ala asile mesti uga bakal ala. Kaya bebasan “Ngundhuh Wohing Pakarti”. Wong yen nandur kang ala ngundhuhe mesti uga alan, nanging yen nandur kabecikan mesti uga ngundhuh kabecikan.

KAPUSTAKAN

Aminuddin. 2011. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algesindo.
Arikunto, Suharsimi. 2010. *Prosedur Penelitian: Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
Bahasa, Plus Perpustakaan. 2009. *Jenis-Jenis Novel*,

<http://elmubahasa.wordpress.com/2009/12/06/jenis-jenis-novel/> kaundhuh ing tanggal 23 Mei 2013

- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama
Faruk. 1999. *Pengantar Sosiologi Sastra: dari Strukturalisme Genetik sampai Post-Modernisme*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar Offset.
Faruk. 2012. *Metode Penelitian Sastra: Sebuah Penjelajahan Awal*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
Ratna, Nyoman Kutha. 2003. *Paradigma Sosialogi Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
Ratna, Nyoman Kutha. 2007. *Sastra dan Cultural Studies: Representasi Fiksi dan Fakta*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
Moleong, Lexy J. 2010. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosdakarya.
Natia, IK. 2008. *Ikhtisar Teori dan Periodisasi Sastra Indonesia*. Surabaya: Bintang.
Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press
Pradopo, Rahmad Djoko. 2007. *Beberapa Teori, Metode Kritik, dan Penerapannya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
Pradopo, Rahmat Djoko. 2007. *Prinsip-Prinsip Kritik Sastra*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
Purnomo, Bambang. 2011. *Kesastran Jawa Pesisiran*. Surabaya: Bintang
Purwadi. 2007. *Sejarah Sastra Jawa*. Yogyakarta: Panji Pustaka.
Purwadi. 2009. *Pengkajian Sastra Jawa*. Yogyakarta: Pura Pustaka.
Rostamadji. 2012. *Pengertian Novel atau Roman*, <http://mathedu-unila.blogspot.com/2011/12/definisi-novel.html> diakses 04 Februari 2013)
Sugiyono. 2010. *Metode Penelitian Pendidikan; Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif, dan R&D*. Bandung: Alfabeta
Suwarni. 2007. *Sastra Jawa Pertengahan*. Surabaya: Bintang.
Suwarni. 2009. *Pengantar Studi Sastra Jawa Kuna*. Surabaya: Bintang.
Teeuw. 1983. *Membaca dan Menilai Sastra*. Jakarta: Gramedia.
Teeuw. 1988. *Sastra dan Ilmu Sastra; Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya.
Wellek, Rene lan Austin Warren. 1995. *Teori Kesusastran*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
Widati, Sri, Ikk. 2001. *Ikhtisar Perkembangan Sastra Jawa Modern Periode Prakemerdekaan*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.